

**Nivo Segondè  
Fè Lekti Lakay  
Plan pou Elèv k ap Aprann Angle yo**

**YON GID POU PARAN YO POU DEVLOPE KONPETANS  
LANGAJ AK LEKTI**



Chè Paran,

Antanke paran yon Elèv k ap Aprann Pale Angle, ou jwe yon wòl kle nan devlopman langaj ak akademik pitit ou a. Bonjan konpetans nan lekti esansyèl pou siksè, epitou gid sa a pwopoze konsèy pratik pou ede pitit ou a pwogrese lakay li.

Lekòl Leta Miami-Dade yo sipòte Elèv k ap Aprann Angle (ELL) epi y ap montre w kijan ou kapab kolabore ak pwofesè yo. Resous sa a gen ladan l'enfòmasyon sou estanda WIDA yo ak Plan Fè Lekti Lakay Florid la (Florida's Read-at-Home Plan), ki bay zouti adisyonèl pou devlopman lang.

Sipòte pakou lekti pitit ou a mande pasyans, konsistans, ak ankourajman. Fè lekti ansanm, aprann nouvo mo an angle oswa nan lang ki pale lakay la, epi kreye yon espas aprantisaj pozitif, ede elèv yo reyisi. Chak ti pa konte—ann travay ansanm pou devlope konpetans alfabetizasyon yo ak siksè nan lavni!

## **ESTANDA WIDA YO**

M-DCPS itilize **WIDA** pou evalye ak sipòte elèv k ap aprann angle yo. Sistèm sa a mezire konpetans nan koute, pale, li ak ekri epi li klase nivo konpetans yo.

Konnen nivo WIDA pitit ou a ede ou sipòte aprantisaj li lakay li. Pwofesè yo itilize WIDA tou pou planifye lesон yo epi swiv pwogrè a.

Pou aprann plis bagay sou WIDA, klik sou lyen ki anba a:

**Kisa ACCESS ye pou elèv ELL yo?**  
(plizyè lang)



# LEKÒL LETA MIAMI-DADE DEPARTMAN EDIKASYON BILENG



Lekòl Leta Miami-Dade (M-DCPS) dedye pou sipòte Elèv k ap Aprann Angle yo (ELL) pou yo reyisi nan domèn akademik.


Men kèk sèvis kle:

## Klas ESOL Segondè yo:

- **Klas Pou Developman Lang ak Literati an Angle:** Ranfòse nan nivo klas mwayen ak klas segondè developman lang angle elèv lekòl yo, ki baze sou nivo lang angle yo. Pitit ou a ap resevwa ansèyman pèsonalize ki baze sou nivo konpetans li nan lang angle a, lè y ap sèvi ak nivo WIDA yo pou gide leson yo epi evalye pwogrè li.
- **Klas Lang ak Literati an Angle:** Itilize yon kourikoulòm ki baze sou estanda pou chak nivo klas yo epi li enkòpore tandem, pale, li, ak ekri epi li prepare elèv yo pou evalyasyon leta a nan Lekti.

## Sipò Lang:

- **Parapwofesyonèl CCHL:** Bay sipò tradiksyon nan domèn kontni yo pou elèv ELL yo.



## Resous pou Paran ki Aprann Angle (ELL):

- **Pwogram Aprè Lekòl ak Leson patikilye:** Anpil lekòl ofri sipò adisyonèl atravè pwogram aprè lekòl ak leson patikilye espesyalman pou Elèv ka Aprann Angle yo.
- **Resous ak Atelye pou Paran yo:** Lekòl yo òganize atelye pou ede w sipòte aprantisaj ptit ou a lakay ou. Nan atelye sa yo, ou ka aprann estrateji pou ede ptit ou a lakay ou ak kijan pou w rete angaje nan edikasyon li.
- **Akademi Paran M-DCPS la, Bilingual Parent Outreach Program (BPOP):** ofri atelye angajman paran ak vidéyo pou paran Elèv k ap Aprann Angle yo (ELL). **Colorín**
- **Colorado (colorincolorado.org):** Sa a se yon sit entènèt bileng konplè (Angle ak Panyòl) dedye pou bay enfòmasyon, aktivite ak konsèy pou edikatè ak fanmi elèv ELL yo.
- **Asistans nan Lang:** Lekòl Leta Miami-Dade yo ofri asistans lang pou paran yo. Si w bezwen èd pou konprann komunikasyon lekòl la oswa pou kominike avèk pwofesè yo, sipò lang disponib nan lekòl la.
- **Pou rete enfòme:** Lekòl Ptit ou a ap bay konsèy, mizajou ak resous espesifik pou bezwen ptit ou a.
- **Teknoloji ak Akizisyon Lang:** M-DCPS bay zouti teknologik ki sipòte devlopman lang atravè leson entèaktif. Pou pwogrese, elèv yo ta dwe konplete minit obligatwa yo chak semèn poukонт yo, san asistans paran yo. Mande ptit ou a kisa y ap aprann nan pwogram teknoloji yo a.



# KAT DOMÈN LANG YO AK WÒL YO NAN DEVELOPMAN LEKTI

Devlopman langaj enplike metrize domèn sa yo:

Koute, Pale, Lekti ak Ekriti. Chak domèn gen menm enpòtans pou siksè akademik. Lè w sipòte ptit ou nan domèn sa yo, ou ka ranfòse konpetans lekti jeneral li epi mete yon fondasyon pou siksè akademik.



**KOUTE**



**PALÉ**

**Kisa li ye?** Koute konekte konpreyansyon jeneral. Li enplike tande son, rekonèt mo, ak entèprete siyifikasyon. Ki jan ou ka ede lakay ou?

- Koute istwa ak chante:** Jwe liv odyo an angle oubyen koute televizyon an angle pou fè ptit ou a konnen bon pwononsyasyon ak bon vokabilè.
- Pale ak yo sou sa yo tande:** Poze kesyon sou istwa a oubyen chante a pou amelyore konpreyansyon yo.
- Kreye yon anviwònman ki gen anpil aktivite pou tande:** Sèvi ak fim, podcast ak nouvèl ki gen divès aksan pou amelyore konpetans yo.
- Repete epi koute ankò:** Jwe menm kontni an plizyè fwa ranfòse aprantisaj la.
- Konekte ak kominote a:** Lè w ap fè makèt oubyen w ap fè kòmann manje, prete atansyon sou sa y ap di. Pa pè mande yo pou yo repete yon bagay.

**Kisa li ye?** Pale ede ptit ou eksprime lide, pataje panse, epi kominike. Ki jan ou ka ede lakay ou?

- Fè konvèrsasyon:** Pale ak ptit ou chak jou konsènan lekòl, pastan, ak aktivite chak jou yo.
- Ankouraje tan pou diskisyon:** Rezève tan pou pale de jounen yo nan lekòl la. Mande yon bagay yo te aprann nan klas matematik jodi a?
- Jwe "I-Spy" (mwen wè):** Jwenn yon objè komen epi di, "Mwen wè yon bagay vèt ak won" kite yo devine.
- Bay felisitasyon ak koreksyon:** Ankouraje yo pale epi korije erè yo avèk dousè lè w sèvi ak egzanp pou yo pale byen.
- Pratike idantifye mo kòmann:** Lè w ap pale, ede ptit ou idantifye mo nan lang matènèl yo ki gen menm siyifikasyon ak mo an angle.

# KAT DOMÈN LANG YO AK WÒL YO NAN DEVELOPMAN LEKTI



LEKTI



EKRI

**Kisa li ye?** Lekti se konprann tèks ekri epi li esansyèl pou siksè akademik ak pwofesyonèl.

**Ki jan ou ka ede lakay ou?**

- Ede m:** Mande pitit ou a pou ede w li yon resèt oswa enstriksyon.
- Pataje yon paj:** Fè pitit ou a li yon paj/paragraf nan yon devwa, ou li yon lòt epi diskite.
- Jwe Detektif:** Fè pitit ou a li, jwenn nouvo mo, mo ki sanble epi jwenn relasyon ki genyen ant mo yo.
- Fè lekti a entèaktif:** Ankouraje prediksyon ak panse sou yon istwa oswa yon tèks.
- Sèvi ak endikasyon ak imaj:** Ede konekte mo yo ak imaj pou pi bon konpreyansyon.
- Kreye yon woutin:** Fikse yon lè lekti regilye pou kreye yon abitid.

**Kisa li ye?** Ekri ede timoun yo òganize panse yo, eksprime ide yo, epi kominike.

**Ki jan ou ka ede lakay ou?**

- Itilize teknoloji:** Kreye yon blog oubyen yon jounal sou entènèt. Fè l amizan, fè tankou y ap ekri otobiyografi yo.
- Ekri kritik:** Ekri yon kritik espò oubyen yon kritik fim oubyen seri televizyon yo pi renmen yo.
- Ekri ti istwa:** Pratike òtograf, ponktiyasyon, ak estrikti fraz ansanm, ekri yon istwa komik sou fanmi yo.
- Sèvi ak desen:** Kite yo desine anvan yo ekri pou òganize panse epi ranfòse kreyativite.
- Pratike òtograf:** Fè l amizan avèk jwèt oswa defi òtograf.
- Bay enstriksyon:** Inspire ekriti ak sijè tankou "Si m te kapab .... Mwen ta ...." oswa "Vakans ideyal mwen an."
- Revize epi revize:** Li travay yo ansanm epi sijere amelyorasyon.

# KONPREYANSYON AK VOKABILÈ:

## KLE POU REYISI NAN LEKTI

Konpreyansyon ak devlopman vokabilè lye ak kat domèn lang yo. Yon bon konpreyansyon lekti ak konpreyansyon oral pèmèt pitit ou a kominike byen. Yon vokabilè avanse nan lang matènèl li pèmèt li eksprime panse li pi efikasman an angle.

### KONPREYANSYON

**Kisa lye?** Konpreyansyon se konprann epi trete siyifikasyon yon tèks.

**Ki jan ou ka ede lakay ou?**

- Spark Chats:** Ale pi lwen pase mande "Ki sa ki te pase?". Mande pitit ou a "Poukisa ou panse sa te rive" oswa "Ki jan sa chanje pèsonaj la oswa istwa a?".
- Rezime:** Mande pitit ou a rakonte ide prensipal yon istwa oswa sa l ap aprann nan lekòl la nan pwòp mo pa l.
- Fè prediksyon:** Mande sa ki ka rive apre pou ankouraje angajman.
- Konekte ak eksperyans:** konekte istwa a ak evènman reyèl, fim oswa liv.
- Separé ide yo:** Fè yon poz pou eksplike mo oswa konsèp difisil yo epi fè pitit ou a itilize mo pa li pou dekri yo.

### VOKABILÈ

**Kisa li ye?** Vokabilè se mo nou konnen ak itilize yo. Yon vokabilè solid amelyore konpreyansyon ak ladrès nan pale.

**Ki jan ou ka ede lakay ou?**

- Aprann nouvo mo ansanm:** Chèche nouvo mo epi sèvi ak yo nan fraz chak jou. Jwe jwèt vokabilè: Sèvi ak aktivite amizan tankou "Mwen wè" oubyen kat memwa.
- Sèvi ak nouvo mo nan konvèrsasyon:** Ankouraje pitit ou a pratike nouvo mo chak jou.
- Mete etikèt sou bagay nan kay la:** Mete etikèt sou objè yo pou ranfòse siyifikasyon mo yo.
- Kreye yon liv vokabilè:** Kite pitit ou a ekri nouvo mo epi desine foto.
- Pratike fanmi mo:** Anseye mo ki gen rapò tankou "chapo," "rat," ak "chat."




# PLAN LEKTI LAKAY M-DCPS LA POU PARAN YO: KONSEY POU SIPÔTE ELL YO

Plan Lekti Lakay M-DCPS la fèt pou ede paran yo ankouraje lanmou pou lekti. an angle oubyen nan lang lakay la epi amelyore konpetans lekti ak ekri.

- **Jwenn yon kat bibliyotèk gratis:** Ale nan bibliyotèk publik la epi chèche liv ansanm.
- **Konekte ak enterè nan mond reyèl la:** Ankouraje adolesan ou a pou l'jwenn liv oswa enfòmasyon sou entènèt. lekti sou enterè yo oswa objektif yo nan lavni.
- **Fè l sosyal:** Fè yon dine an fanmi kote w ap pale de liv w ap li ak sa y ap aprann nan lekòl la.
- **Etenn teknoloji a epi fikse yon lè pou li:** De fwa pa semèn pou tout moun nan kay la fikse yon lè pou li yon liv. Pale de liv la lè n ap manje.
- **Poze Kesyon:** Ankouraje panse kritik avèk kesyon ouvè sou istwa a. Prepare kesyon "poukisa" ak "ki jan sa fè w santi w".
- **Ankouraje Ekriti:** Fè pitit ou a ekri rezime, lèt bay otè yo, oubyen kontinyasyon istwa yo.
- **Selebre Pwogrè:** Felisite efò yo pou kenbe yo motive.

## RESOUS AK LYEN

Depatman Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal M-DCPS Gid Paran  
M-DCPS Anglè | Panyòl | Kreyòl Akademi Paran M-DCPS Videyo  
ELL pou Fanmi yo: WIDA ESOL - Anglè Segondè | Panyòl | Kreyòl  
Plan Lekti Lakay M-DCPS





# KESYON YO POZE SOUVAN



## 1. Ki moun ki pral anseye pitit mwen an?

Pitit ou a ap resevwa enstriksyon nan men pwofesè ki sètifye an Florid ak ki andose oswa sètifye nan ESOL tou (Angle pou Moun ki Pale Lòt Lang). Sa ki asire yo gen ekspètiz pou sipòte devlopman langaj pitit ou a.

**2. Ki sipò pitit mwen an ap resevwa pandan l ap aprann angle?** Pitit ou a ap resevwa yon sipò espesifik ki baze sou plizyè done, tankou rezulta tès ak travay nan klas. Enfòmasyon sa yo ede pwofesè yo planifye lesон yo epi siveye pwogrè yo efektivman. Y ap resevwa enstriksyon pou amelyore konpetans sosyal ak akademik yo an angle, sa ki pèmèt yo pi byen konprann lesон yo nan klas. Resous aprantissaj digital yo disponib atravè pòtal elèv la anvan, pandan ak apre lekòl. Anplis de sa, pitit ou a kalifye pou aranjman pou tès distri ak tès leta yo, tankou plis tan pou pran egzamen an epi gen aksè ak yon diksyonè angle/lang eritaj.

**3. Kòman m ap fè konnen kijan pitit mwen an ap fè nan lang angle ak lòt matyè yo?** Lekòl yo ap bay dènye enfòmasyon sou pwogrè pitit ou, epi nou ankouraje w pou w patisipe nan konferans paran-pwofesè yo. Ou kapab tou tcheke nòt pitit ou a nenpòt ki lè atravè pòtal paran an oswa aplikasyon mobil M-DCPS la. Si w gen nenpòt enkyetid, nou rekòmande pou w kontakte lekòl la dirèkteman pou jwenn sipò.

**4. Ki tès leta elèv k ap aprann lang angle yo dwe pase?** Tout elèv nan Florid, ki gen ladan Elèv k ap Aprann Angle (ELL) yo, oblige pase tès estandardize nan tout eta a ki apwopriye pou nivo klas yo. Anplis de sa, elèv ELL yo pran tès "ACCESS for ELL" chak ane. Tès sa a mezire konpetans nan lang angle epi rezulta yo ede detèmine nivo angle yo pou lane lekòl k ap vini an.

**5. Kilè pitit mwen an ap kite pwogram ESOL la?** Chak ane, pitit ou a ap pran tès "ACCESS for ELL" la pou mezire konpetans li nan lang angle a epi detèmine plasman li. Pitit ou a ap kite pwogram ESOL la yon fwa li rive nan nòt obigatwa yo nan de egzamen sa yo, "ACCESS for ELL" ak "Florida Assessment for Student Thinking" (FAST).